



Pou Piblikasyon Imedya: 18/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AKÒDE 1.5 MILYON DOLA POU 16 PWOJÈ POU OGMANTE ITILIZASYON PWODUI AGRIKÒL NEW YORK YO NAN LEKÒL YO

Finansman pou 16 Pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl yo Ap Benefisye Plis Pase 120,000 Elèv nan 144 Distri Lekòl

Premye Faz la Te Sipòte Kiltivatè ak Biznis Manje ak Bwason New York yo ak 4.4 Milyon Dola nan Depans

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te akòde 1.5 milyon dola pou 16 pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl pou ogmante itilizasyon pwodui agrikòl New York yo nan lekòl yo epi bay ekonomi agrikòl la bourad. Nan kad Faz 5 pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la, pwojè yo ap benefisye plis pase 120,000 elèv nan 144 distri lekòl atravè Eta a. Finansman pwogram Soti nan Jaden pou Ale Lekòl la se yon eleman kle nan Bidjè Egzekitif 2020-21 Gouvènè a, epi sipòte Inisyativ Okenn Timoun Pa Rete Grangou (No Student Goes Hungry) la.

"Se yon pwogram tout moun jwenn ki bay elèv yo repa nitritif pandan l ap ranfòse fèm agrikòl New York yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen fyè pou wè kwasans inisyativ sa k ap ede ankouraje abitud ki bon pou lasante tou nan chak kwen nan gran eta sa."

Pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la ogmante volim ak varyete pwodui ki kiltive epi ki pwodui lokalman nan lekòl yo, founi nouvo mache pou kiltivatè New York yo, amelyore sante elèv yo, epi edike jèn moun yo sou agrikilti. Pwogram nan sipòte agrandisman Pwogram NY Thursdays la (New York Lè jedi), ki se yon inisyativ kantin nan lekòl yo ki sèvi ak pwodwi alimantè fre ki sot nan jaden lokal yo, lè jedi pandan tout ane lekòl la.

Y ap itilize finansman sibvansyon an pou anboche kowòdonatè pou pwogram Soti nan Jaden pou Ale Lekòl la, bay anplwaye sèvis manje yo fòmasyon, bay edikasyon sou nitrisyon nan salklas ak kafeterya yo, achte ekipman pou ede nan preparasyon manje, ak sipò pou yo achte plis pwodwi agrikòl lokal tankou fwi ak legim, pwodwi letye, ak bèl yo mete nan manje midi nan lekòl yo. W ap jwenn lis òganizasyon ki resevwa finansman sibvansyon Soti nan Jaden pou Ale Lekòl la yo pi ba a.

Rejyon Lwès New York

- **Distri Lekòl Vil Buffalo:** 70,812 dola pou pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl Buffalo a Ap Vanse! (Buffalo Farm-to-School is on the Move!) ki entegre

aktivite Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl yo nan kafeterya, klas, ak kominote ki itilize kamyon manje pou sèvi manje midi ki fèt ak engredyen lokal nan 16 lekòl segondè sou yon baz wotasyon.

- **Cornell Cooperative Extension Konte Allegany** 89,911 dola pou pwojè Soti nan Kawòt pou rive nan Pogram Etid (From Carrots to Curriculum), k ap travay ak 6,584 elèv nan 12 distri lekòl pou kreye yon pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl ki dirab.
- **Distri Lekòl Forestville:** 100,000 dola pou pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl: Angajman Kominote/Lekòl Distri Lekòl Santral Forestville ap fè patenarya ak Distri Lekòl Pine Valley Central pou sèvi kat lekòl, k ap benefisye 996 elèv ak 18 kiltivatè.
- **Distri Lekòl Santral Frontier:** 88,459 dola pou pwojè Sibvansyon Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl Distri Lekòl Santral Frontier a k ap sèvi kòm yon kwizin santral pou 3 distri nan Konte Erie pou trete, refrijere epi estoke pwodui agrikòl lokal yo. Gen potansyèl pou 5,000 elèv nan 3 distri benefisye.

Finger Lakes

- **Cornell Cooperative Extension Konte Seneca** 96,824 dola pou pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl Konte Seneca, k ap sipòte pwogram Rekòt Mwa a (Harvest of the Month) ki egziste ak pratik lè jedi nan NY yo epi asire aktivite Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl pou 3,287 elèv nan kat distri.

Southern Tier

- **Broome-Tioga BOCES:** 100,000 dola pou Inisyativ Depo Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl Broome-Tioga BOCES, k ap devlope yon depo santral pou soulaje yon baryè distribisyon epi ogmante nan fason konsiderab aprovizyonman Eta New York pou 31,290 elèv nan 15 distri lekòl.

North Country

- **Cornell Cooperative Extension Konte Lewis** 99,849 dola pou pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl nan Konte Lewis. Pwojè a ap pèmèt yo anboche yon Kowòdonatè pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl pou mete anplas 3 K pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la: Kafeterya, klas ak kominote a, ke 3,957 elèv ap benefisye nan senk distri lekòl.
- **St. Lawrence-Lewis BOCES:** 99,980 dola pou Pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl St. Lawrence-Lewis BOCES. Pwojè a bay valè ajoute pou tretman, asistans teknik, ak distribisyon pwodui pou 21 lekòl ke 25,000 elèv ap benefisye.

Mohawk Valley

- **Cornell Cooperative Extension Konte Schoharie ak Otsego:** 100,000 dola pou pwojè Manje Lokal - Lekòl An Sante a (Local Foods - Healthy Schools). Cornell Cooperative Extension Konte Schoharie ak Otsego ap kolabore ak Kapital Rejyon BOCES pou devlope yon pwojè Pilòt Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl pou benefis 4,018 elèv.

- **Oneida-Herkimer-Madison BOCES:** 100,000 dola pou pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl OHM nan: Pwojè Ogmante Kapasite ak Angajman nan Lekòl, k ap travay ak distri yo pou ede yo devlope epi egzekite plan enplantasyon manje lokal epi devlope enfrastrikti pou fasilite acha sa yo. Pwojè a ap benefisye 9,258 elèv nan 15 distrik.

Rejyon Kapital

- **Capital Roots:** 100,000 dola pou Inisyative Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl Rejyon Kapital la: Ap Konekte Lekòl ki Defavorize yo ak Pwodiktè Lokal yo. Pwojè a ap apiye yon pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl ki egziste pou konekte sistèm distribisyon pwodui lokal ki etabli yo a ak lekòl lokal yo. L ap finanse tou acha yon aparèy eplichè komèsyal pou trete legim rasin yo.
- **Cornell Cooperative Extension Konte Saratoga:** 100,000 dola pou Faz 2 Pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl CCE Saratoga a. Distri Lekòl Santral Saratoga Springs ap trete epi konjele pwodui Eta NY li achte nan men Fèm Kominotè Pitney Meadows pou maksimize pouvwa acha a pandan yo nan sezon pwodui yo. Pwojè a ap travay ak kat distri lekòl nan Konte Saratoga pou 2,000 elèv benefisye.
- **Cornell Cooperative Extension Konte Warren:** 91,400 dola pou Transpò Pwodui ki Fre pou pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la. L ap apiye efò yon Sibvansyon Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl, akizisyon yon kamyon refrijere k ap pèmèt transpò pwodui fre ki soti nan fèm Eta NY yo pou ale nan sis lekòl ke 13,800 elèv ap benefisye.
- **Cornell Cooperative Extension Konte Washington:** 88,686 dola pou pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl Konte Washington, k ap anboche yon Kowòdonatè pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl pou ogmante aksè pwodui jaden Eta NY yo nan repa lekòl yo epi angaje 3,275 elèv nan aktivite Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl yo atravè vizit nan jaden, tès degistasyon ak leson nan klas yo.

Hudson Valley

- **Cornell Cooperative Extension Konte Sullivan:** 98,538 dola pou Pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl Sid Catskills. Pwojè a ap travay pou sansibilize epi ogmante demand manje lokal yo nan 10 lekòl ke 9,258 elèv ap benefisye. Elèv yo ap resevwa edikasyon nan men agrikiltè lokal yo epi eksperimante seminè sou tès degistasyon nan kafeterya yo.

Long Island

- **Distri Lekòl Southampton Union Free:** 99,389 dola pou Pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl Pwent Lès la, ki se yon efò kolaboratif twa distri lekòl sou Ang Sid Long Island pou 2,000 elèv benefisye. Pwojè a enkli travay ak 14 pwodiktè Eta NY pou ogmante kapasite lekòl yo pou achte epi sèvi pwodui jaden Eta NY yo nan pwogram kantin lekòl yo.

Sa se ap senkyèm faz finansman yo akòde pou sipòte pwogram Soti nan Jaden pou Ale Lekòl nan lekòl yo ak nan òganizasyon edikativ yo. Depi Gouvènè a te lanse pwogram

Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la an 2015, 43 pwojè te benefisye 526,000 elèv nan 356 distri lekòl. Anplis, finansman yo bay nan Faz 3 ak Faz 4 pwogram nan te lakoz lekòl yo depanse pou apeprè 4.4 milyon dola nan pwodui agrikòl.

Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te di, "Youn nan meyè istwa siksè New York se pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la. Atravè sipò pwogram nan, distri lekòl nou yo ap franchi etap ki enkwayab pou sèvi fwi ak legim fre ak vyann ak pwodyi letye ki pwodui lokalman ki soti kay kiltivatè New York yo, k ap pote manje ak bwason pou plizyè milye elèv ki pa sèlman gen bon gou men ki bon pou yo".

Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la, RoAnn Destito te deklare, "Antanke administratè USDA Eta a pou pwogram pilòt pou apwovizyonman fwi ak legim ki pa transfòme yo, nou menm nan OGS kanpe dèyè ekspansyon efò kontini Gouvènè Cuomo ap fè pou l asire l ke Okenn Elèv Pa Rete Grangou. Moun ki kiltive, distribye epi vann manje, tout benefisye lè elèv yo aprann ki kote manje ki nan kafeterya yo soti ak enpòtans pou yon rejim ki sen."

Chanselye Konsèy Dirijan yo (Board of Regents) Betty A. Rosa te deklare, "Li enperatif pou n bay timoun nou yo opsyon manje ki nitritif pandan yo nan lekòl pou yo kapab konsantre pi byen nan sal klas la. Pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la ogmante aksè pou manje ki bon pou lasante pandan l ap anseye bon abitud manje epi itilize anpil nan manje ki pwodui lokalman ke eta nou an genyen pou ofri, se yon pwogram ki vrèman remakab".

Komisè Enterimè Depatman Edikasyon Eta a, Shannon Tahoe, te deklare, "Nou konnen ke lè yon elèv benefisye de yon repa ki bon pou lasante, yo prepare pi byen pou yo aprann pou reyisi, donk li fè sans ke distri yo pwofite de pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la ki asire ke elèv atravè eta a genyen aksè a manje ki bon pou lasante, ki apwovizyone lokalman. NYSED ap kontine angaje ak patnè nou yo nan Agrikilti ak Mache yo pou ogmante patisipasyon nan pwogram sa pou lekòl atravè eta a".

Prezidan Komite Agrikilti Sena a, Jen Metzger, te deklare, "Nou genyen yon opòtinite ekstraòdinè nan New York pou bay manje ki bon pou lasante, ki kiltive lokalman pou timoun lekòl nou yo pandan n ap sipòte fanmi kiltivaltè nou yo ak yon ekonomi agrikòl k ap pwospere, e antanke Prezidan Komite Agrikilti Sena a ak yon manm nan Komite Edikasyon an, mwen kontan anpil pou wè angajman solid sa pou sipòte inisyativ soti nan jaden pou ale nan lekòl Eta nou an. Antanke reprezantan Konte Sullivan, mwen konnen ke lekòl isit la yo ap benefisye anpil de finansman ki atribye pou Pwojè Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl Catskills la, k ap ede agrikiltè k ap goumen yo epi ede amelore rezilta sante pou timoun nou yo—yon doub viktwa".

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a, Donna Lupardo te deklare, "Felisitasyon pou Broome-Tioga BOCES ak lòt benefisye yo pou lidèchip yo pou livre manje lokal ki fre pou elèv nou yo. Mwen te obsève dirèkteman kijan pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la te sisite antouzyas elèv yo pou manje lokal yo ak kiltivatè ki pwodui yo. Envestisman sa yo ap ede konstwi kapasite ki nesèsè pou pwogram sa kontinye grandi epi devlope".

Sipèrentandan Distri Lekòl Santral Forestville la, Renee Garrett te deklare,

"Forestville ak Pine Valley gen anpil chans pou yo kapab pouswiv travay enpòtan nou an nan inisyativ Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la. Sa vle di anpil pou lekòl nou yo, kominote nou yo, agrikiltè nou yo, e sa ki pi enpòtan, pou elèv nou yo! Finansman pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la ap pèmèt nou devlope kapasite acha nou ki asosye ak pote manje agrikòl ki fre nan lekòl nou yo. Faz finansman sa espesyalman, ap konsantre pou pote bèf, volay ak kochon ki apwovizyone lokalman nan lekòl nou yo. Nou pa ka tann pou apwofondi relasyon nou ak agrikiltè lokal yo. Finansman sa ap ede elèv nou yo manje repa agrikòl ki fre, ki bon pou lasante, e l ap pouse ekonomi lokal nou an. Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la se yon pwogram tout moun jwenn!"

Elvè Volay nan Forestville, Sarah LoManto te deklare, "Mwen fyè pou fè pati mouvman Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la. Elèv yo gen plis volonte pou eseye nouvo manje lè yo konnen kote li soti. Se bèl bagay vreman lè lekòl nou yo chwazi achte nan men agrikiltè lokal tankou mwen yo. Sa sipòte ekonomi lokal nou an".

Direktè St. Lawrence-Lewis BOCES Food Service la, Artie Frego te deklare, "Mwen atribye siksè pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la bay patenarya solid ant St. Lawrence-Lewis BOCES ak Cornell Cooperative Extension Konte St. Lawrence la. Relasyon nou te konstui gras ak finansman sibvansyon sa, te genyen yon enpak ki mezirab pou jwenn pwodui fre ki kiltive lokalman nan kafeterya lekòl nan tout rejyon nou an. Nou gen chans tou pou genyen yon patnè solid nan Big Spoon Kitchen, ki distenge pwogram nou an lè li pèmèt nou bay lekòl yo pwodui ki prè pou manje".

Steve ak Gayle Fobare, pwopriyetè Fobare's Fruits, te deklare, "Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la te yon pwogram eksepsyonèl ki vin tounen yon gran pati nan biznis ak mwayen sibzistans nou. Nou apresye opòtinite pou fè pati pwogram sa e pou nou kapab apwovizyone lekòl lokal nou yo ak yon pòm bon kalite, ki kiltive lokalman. Nou ta renmen remèsye chak moun ki enplike, pou travay di yo ak devouman ke sa mande pou fè pwogram konsa fonksyone".

Direktè Ekzekitif Cornell Cooperative Extension Konte St. Lawrence, Patrick Ames te deklare, "Ekstansyon an fyè anpil pou li yon patnè nan mouvman Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la. Travay Ekstansyon Pwogram Manje Lokal la te fè nan ane ki pase yo, pami yo kreyasyon Kwizin Rekòt (Harvest Kitchen) nan, te ede rann pwogram inik sa posib. Daprè konesans mwen, nou se sèl Pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl nan Eta a ki bay fui ak legim fre, koupe epi transfòme nan sèvis kantin lekòl yo. Efikasite ke sa kreye rann li pi reyalis pou lekòl nou yo tire avantaj lè yo achte lokal. Travay patnè transfòmasyon nou, Big Spoon Kitchen, pa gen pri".

Inisyativ Okenn Elèv Pa Rete Grangou Gouvènè a

Pwogram Soti nan Jaden pou Ale Lekòl la se yon pati ki enpòtan nan efò Eta ap kontinye fè pou ogmante kantite pwodwi alimantè fre, ki kiltive onivo lokal yo sèvi nan lekòl yo epi ogmante mache kiltivatè New York yo. Li se yon eleman kle nan Inisyativ Okenn Timoun Pa Rete Grangou Gouvènè a, ke li te premye entwodwi nan Diskou Sityasyon Eta 2018 li an.

Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la rete yon patnè ki enpòtan anpil nan kad agrandisman pwogram Soti nan Jaden pou Ale nan Lekòl la yo atravè Pwojè Pilòt sou

Fwi ak Legim yo pa Transfòme USDA a. Genyen 244 lekòl k ap patisipe nan pwojè pilòt pandan ane lekòl 2019-20 an, avèk plis pase 52.6 milyon manje midi ki sèvi chak ane.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)